



# Pwogram Pawòl “PAROLE” la fini nan CBP One

Dènye mizajou 18 Avril 2025

## Kisa CBP One Pawòl ye?

CBP One se te yon aplikasyon ke gouvènman Ameriken te itilize pandan administrasyon anvan an, li te bay randevou limite pou moun ki pa’t gen otorizasyon pou antre nan peyi a, men ki te vle antre atravè yon pò ofisyèl sou fwontyè sid la. Aprè enspeksyon sou pò antre a, CBP te otorize moun ki te gen randevou antre, epi yo te ba yo liberasyon kondisyonèl, ke yo rele pawòl “parole”.

Pawòl pèmèt yon moun ki pa elijib pou antre nan Etazini resevwa yon pèmasyon tanpore pou antre nan peyi a. Moun ki resevwa pawòl gen pèmasyon pou yo rete nan peyi a pou yon tan limite. Moun ki te antre atravè CBP One resevwa pawòl pou 2 ane. Pandan tan sa a, moun ki gen pawòl yo ka aplike pou pèmi travay.

## Mwen resevwa yon avi ki di pawòl mwen pral fini. Sa vle di kisa?

Dènyèman, anpil moun ki te antre atravè CBP One te resevwa avi nan men Depatman Sekirite Teritoryal (Department of Homeland Security (DHS) ki fè konnen pawòl yo ap fini nan 7 jou, si li pa deja ekspire. Yon fwa pawòl ou fini, ou pral konsidere kòm “prezans ilegal” epi yo ka arete ouwa depòte, ou sòf si ou gen yon lòt estati imigrasyon.

## Èske mwen ka toujou travay legalman Etazini?

Anjeneral, pèmi travay ou an anile lè pawòl ou fini. Sa vle di ou pa kapab kontinye travay legalman apre dat la. Men, si ou gen pèmi travay atravè yon lòt estati legal tankou TPS ouwa ou gen yon aplikasyon pou Rezidans Pèmanan (“Green Card”) ouwa azil, revokasyon pawòl ou pa afekte kapasite ou pou travay.

## Kisa k’ap pase apre pawòl mwen fini?

Si ou pa gen yon lòt estati imigrasyon aprè pawòl ou fini, ou pral konsidere kòm “prezans ilegal” epi yo ka arete ouwa depòte, ou, sof si ou gen yon lòt estati.

## Kisa k’ap pase si mwen gen yon aplikasyon azil ouwa lòt estati an pwogrè?

Menm si nenpòt moun ki “prezan ilegalman” ka depòte, DHS ka mete priyorite sou moun ki pa gen aplikasyon pou yon lòt estati tankou azil, green card, TPS, ouwa viza T (pou viktim trafik moun). Sa vle di si ou gen yon aplikasyon k’ap trete, ou ka rete Etazini pandan ou tann yon desizyon, men pa gen okenn garanti. Ou ta dwe toujou mache ak prèv aplikasyon anantant ou a, tankou resi . Fen pawòl la pa afekte ou si ou deja resevwa yon lòt estati.

## Mwen deside mwen vle retounen nan peyi mwen. Kisa pou m fè ?

Sa ou bezwen fè pou retounen lakay ou depann de estati dosye ou . Ou ta dwe konsilte ak yon avoka imigrasyon. Si ou gen yon dosye nan tribinal imigrasyon epi ou pa parèt pou odyans lan, jij la ka bay yon lòd depòtasyon an absans, sa ka anpeche ou retounen Etazini pandan yon tan. Gen kèk moun ki ka mande pèmasyon a yon jij pou retounen volontèman san sa afekte kapasite yo pou retounen Etazini (Pale ak yon avoka sou dosye ou a ). Enfòm ke ou pral kite peyi a atravè aplikasyon “CBP Home” pa anile obligasyon ou pou parèt nan tribinal.

## Kote mwen ka jwenn èd ?

Si ou poko fè sa, ou ta dwe konsilte ak yon sèvis legal imigrasyon pou wè si ou kalifye pou nenpòt lòt opòtinite legal pou rete nan peyi a. Ou ka jwenn èd isit la: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>.

**Nòt pou Kiben ak Ayisyen : Kiben ak Ayisyen toujou kalifye pou benefis menm jan “Antre Kiben-Ayisyen” menm si pawòl yo fini ouwa anile, toutotan yo pa resevwa yon lòd final depòtasyon.**